

# GOUMEN AK CHALÈ A NAN BOSTON



ⓘ Rete fre nan ete a ak konsèy sa yo.

ⓘ Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram pou ou rete fre nan ete a, itilize kòd QR lan pou vizite sit pwojè a.

## PWOGRAM ASISTANS POU SÈVIS PIBLIK

### COMMUNITY CHOICE ELECTRICITY (CHWA POU KOURAN KOMINOTÈ)

Chwazi pwogram ki rele Chwa pou Kouran Kominotè (Community Choice Electricity, CCE). CCE bay kouran ki abòdab epi ki kapab renouvle pou kliyan pwogram yo. CCE kapab pèmèt rezidan Boston reyalize ekonomi chak mwa pa rapò ak tarif Sèvis Debaz Eversource bay la.

### RABÈ SOU ENÈJI YO (MASS SAVE ENERGY REBATES)

Pwogram Rabè sou Enèji Mass Save yo ofri rabè, ensitasyon, fòmasyon ak resous pou ede lokatè, pwopriyetè kay, ak biznis yo pou amelyore efikasite yo gen nan enèji ak diminye frè enèji yo.

Gen kupon ak ankourajman pou izolasyon ak pwoje pou sele lè a, ekipman chofaj, ak klimatizasyon ak pou aparèy pou kay ki disponib.

Itilizasyon aparèy tankou klimatizè ak vantilatè pou kenbe espas ou fre pandan ete a kapab koute anpil kòb.

Men kèk pwogram ki kapab ede diminye pri enèji lakay ou.

### PWOGRAM ENÈJI ABCD (ABCD ENERGY PROGRAMS)

Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kont Move Tan (The Weatherization Assistance Program, WAP) kapab ede w amelyore kay ou a lè gen move tan pou li kapab rete fre an ete e rete cho an ivè – pandan l ap diminye fakti sèvis piblik yo.

Pwogram Aksyon pou Konsèvasyon Katye yo (Neighborhood Conservation Action Program) kapab ede w diminye fakti elektrisite ou yo pandan l ap idantifye aparèy ki dwe fè mizajou. Ou ka kalifye pou resevwa nouvo anpoul ki pa boule anpil enèji, fenèt pou klimatizè, ak lòt aparèy.

Defansè Moun ki ap itilize Sèvis Piblik (Utility Bill Advocacy) kapab ede w diminye frè pou fakti sèvis piblik epi li ede w negosye plan pèman avèk founisè sèvis ou a.


### FON SOULAJMAN LWAYE (RENTAL RELIEF FUND)

Abitan nan Boston ki kalifye e ki nan lwayaj kapab resevwa èd pou lojman ak sèvis piblik, pou lwayaj prezan an ak lwayaj fiti yo, e pou depans ki gen rapò ak demenajman.

# GOUMEN AK CHALÈ A NAN BOSTON



 Rete fre nan ete a ak konsèy sa yo.


 Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram pou ou rete fre nan ete a, itilize kòd QR lan pou vizite sit pwojè a.

## RETE FRE LAKAY OU



*Tcheke sou moun nan kominote ou yo lè li fè cho pou ou asire w ke yo byen.*

### OGMANTE SIKILASYON LÈ A



*Ouvri fenèt yo lannuit pou lè fre a sikile.*

### BLOKE SOLÈY LA



*Fèmen pèsyèn ak fenèt yo epi rale rido yo pandan moman nan jounen an kote li fè cho anpil.*

### ITILIZE YON VANTILATÈ AK GLAS



*Mete yon bòl glas devan vantilatè ou a pou kreye yon lè ki fre.*

### ENVESTI NAN PLANT KI POU ANNDAN KAY



*Plant yo natirèlman rafrechi e pirifye lè a epi yo bay lonb. Ajoute plant anndan, sou balkon, oswa devan pa pòt ou.*

## JWENN LÈ FRE NAN KATYE OU A

### KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

- Rele (3) 1-1: Jwenn enfòmasyon sou sèvis nan Vil la ki pa ijan
- Alèt Boston: enskri pou w jwenn alèt lè gen gwo chalè ak lòt ijans.

### KI KOTE MWEN KAPAB ALE POU M JWENN BON JAN FRECHÈ?

- Sant nan Boston pou Jèn ak Fanmi yo (Boston Centers for Youth and Families) ouvri kòm sant ki bay bon jan frechè pandan ijans pou chalè.
- Jwenn espas pou jwe, plaj, ak pisin nan kominotè a lè ou itilize kòd QR lan.

### KÒMAN MWEN KAPAB ALE?

Gen opsyon transpò ki disponib pou moun ki aje e pou moun ki and-ikape. Rele 617 635 4366 pouw jwenn plis enfòmasyon.

- MBTA's The RIDE: transpò pòt a pòt pou moun ki pa kapab itilize metwo, bis, oubyen chario akòz yon andikap tanporè oswa pèmanan.
- Koupon pou Taxi pou transpò ki abòdab. Achte koupon yo nan Boston City Hall Chanm 271.